

Sante Mantal Timoun Ou: Byennèt Mantal Kay Timoun ki nan Laj Lekòl

Timoun yo chanje byen vit ant laj sizan ak 12 zan. Lè ou mennen timoun ou an fè yon vizit swen jeneral, kesyon ou poze yo trè diferan selon laj timoun ou an.

Pandan timoun yo ap vin pi gran, yo sèvi ak konpetans debaz yo te metrize nan premye senk (5) ane lavi yo pou agrandi monn yo. Edikasyon yo di, ozalantou laj nevan, timoun yo deplase soti nan “apranng fè lekti” pou ale nan “fè lekti pou aprann”. Jwèt imajinè yo vin pi konplike. Gen plis pwofondè nan istwa yo ak konsantrasyon sou pouvwa ak kapasite pou fè travay. Timoun yo aprann règ ki pi konplike tou pou jwèt estrateji, jwèt videyo, oswa jwèt yo jwe deyò.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan ki etap enpòtan nan devlopman sosyal ak emosyonèl ke timoun yo atenn nan laj sa a, al gade nan tiliv [Gid pou Paran Timoun Laj Senkan rive Dizan](#) oswa tiliv [Gid pou Paran Timoun Laj Dizan rive Douzan](#).

KESYON POU REPONN ANVAN YON VIZIT POU SWEN JENERAL — LAJ 6 A 12 ZAN

Pandan w ap prepare pou vizit swen jeneral timoun ou an, pran tan pou reflechi sou sante mantal li ak sou sante fizik li. Sèten pwoblèm sante mantal rive pi souvan nan timoun ki gen laj lekòl yo. Pa egzanp:

- Timoun ki gen laj lekòl ki deprime gen anpil pwoblèm fizik, tankou vant fè mal oswa tèt fèmal.
- Timoun ki gen ADHD yo ka gen difikilte pou reziste kont tantasyon nòmal lòt timoun yo aprann jere.
- Pwoblèm pou aprann yo ka vin parèt ak lè nan laj sa a, lè konpetans yo pou lekti, ekriti, ak matematik sitelman enpòtan.

Nan laj sa a, timoun yo kòmanse pase plis tan nan saldeklas pase lè yo te pi piti. Kidonk, ou kapab tande pwofesè timoun ou an ap pale de pwoblèm sa yo. Yon pati nan wòl yon paran nan laj sa a se bouche twou vid la ant lekòl la ak klinik yon doktè. Si timoun ou an gen difikilte nan nenpòt nan domèn sa yo, fè doktè ou konnen.

Pou prepare pou vizit swen jeneral timoun ou an, poze tèt ou kesyon sa yo:

- Èske timoun ou an sanble gen kè kontan?
- Èske timoun ou an gen yon pakèt enkyetid?
- Èske timoun ou an fè lekti? Kisa yo li?
- Èske timoun ou an gen kò fè mal ak doulè?
- Kijan timoun ou an dòmi?
- Kijan timoun ou an manje?
- Kijan timoun ou an reyaji lè li santi li fristre? Kijan li reyaji pou limit yo?
- Èske timoun ou an gen yon meyè zanmi? Ki kalite bagay yo fè ansanm?
- Èske pwofesè ou an gen nenpòt enkyetid konsènan timoun ou an? Èske pwofesè ou an enkyete l konsènan atansyon timoun ou an?
- Èske ou enkyete w konsènan aprantisaj oswa konpòtman timoun ou an, men pwofesè a di ou pa bezwen enkyete w?

REZIME

Sonje pa gen okenn move repons pou kesyon sa yo, ni okenn repons pa garanti ke gen yon pwoblèm. Men, si repons ou an fè ou reflechi, konsidere li kòm yon chans pou poze plis kesyon. Epi fè doktè ou an patisipe nan diskisyon sa yo. Ou konnen timoun ou an pi byen. Si ou gen kesyon, doktè ou an la pou ede w konnen si gen rezon pou ou enkyete w reyelman.